



PA VWAYAJE PANDAN SEZON FÈT SA A.

SE POU OU PREPARE POU METE TÈT OU AN KARANTÈN SI OU VWAYAJE.



Genyen yon transmisyon jeneral COVID-19 nan tout Etazini ak nan anpil lòt peyi yo. Vwayaje kounye a mete ou, fanmi ou ak kominote ou anba danje paske li kapab ogmante chans pou ou genyen ak pwopaje COVID-19. Si ou oblije vwayaje, ou dwe mete ou an karantèn lè ou rive lakay ou. Ou kapab genyen COVID-19 san sentòm yo epi moun san sentòm yo kapab pwopaje viris la.

E LÈ MOUN RIVE NAN ETA NEW YORK?

- **Ou dwe ranpli Fòm Sante Vwayaj NYS la** (klike sou lyen an oswa eskanerize kòd QR la pou ou aksede) epi mete ou an karantèn yon fwa ou rive
 - Tout moun ki rive nan Etazini yo eksepte Connecticut, Massachusetts, New Jersey, Pennsylvania oswa Vermont
 - Pifò moun ki rive soti nan entènasyonal yo
- **Ou dwe mete ou an karantèn!** Karantèn vwayaj la se pou 14 jou sòf si ou resevwa de (2) tès pou COVID-19 negatif, jan sa ye anba a:
 - Teste pandan **72 èdtan avan ou rive** New York, **epi**
 - Teste **4 jou apre ou rive a.**
- Lè yon moun pa swiv egzijans sa yo, sa kapab mennen nan amann ak lòt penalite.



Lè ou sou wout la oswa lakay ou, toujou pratike kat mezi prevansyon prensipal kont COVID-19 sa yo:

- **Rete lakay ou:** Rete lakay ou si ou pa santi ou byen, ou te teste pozitif pou COVID-19 oswa ou te ekspoze nan kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19.
- **Kenbe distans ou:** Kenbe omwen yon distans 6 pye ak lòt moun yo.
- **Pote yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki antoure ou yo nan pote yon kouvèti pou figi toutan lè ou deyò lakay pa ou. Yo egzije kouvèti pou figi yo nan Eta New York nan tout transpò piblik (gen ladan sèvis machin yo) ak konpayi ayeryen, tren ak bis yo.
- **Kenbe men ou pwòp:** Lave men ou souvan epi pote dezenfektan pou men ki abaz alkòl pou ou itilize lè ou ap vwayaje. Evite touche figi ou ak men ou ki pa lave epi kouvri nen ou ak bouch ou lè ou ap touse oswa estène.

Pou plis enfòmasyon:
Vizite ny.gov/traveladvisory
Rele **1-888-364-3065**

